

REZOLISYON NO. 2/2021

PWOTEKSYON AYSYEN NAN KONTÈKS MOBILITE MOUN: SOLIDARITE ENTÈAMERIKEN

(CIDH adopte rezolisyon sa a nan dat 24 oktòb 2021)

A. ENTWODIKSYON

Lè n ap gade kouman kriz sosyal, politik ak enstitisyonèl la ap anvlimen, nan yon kontèks lamizè estriktirèl grav ki fè dwa imen popilasyon ayisyen an pa jwenn bon jan pwoteksyon, Komisyon entèameriken Dwa Moun (Komisyon osnon CIDH) deside adopte yon rezolisyon ki pote tit sila : « Pwoteksyon Ayisyen nan kontèks mobilite moun: solidarite entèameriken ». **Objektif** rezolisyon an, se fòmile yon seri direktiv ki pou pèmèt Ayiti ak Eta Ameriken bay yon repons total kapital, san reta, efikas e dirab pou garanti dwa sitwayen ayisyen yo nan kad depasman migratwa entènasyonal sa a. Tout konsiderasyon sa yo ap fèt nan kad obligasyon entènasyonal nan domenn asistans imanité, pwoteksyon, kowoperasyon ak solidarite entènasyonal, sou baz prensip egalite ak non-diskriminasyon, san nou pa bliye obligasyon ki genyen pou chak moun resevwa yon tretman diferan, nan kad yon apwòch ki chita sou konsèp entèseksyonalite a.

Atravè diferan enstriman li yo, pandan dènye ane sa yo, CIDH suiv anpil kriz dwa moun an Ayiti, yon kriz ki vin ap vale teren poutèt konsekans pandemi viris COVID-19 la ak enpak goudougoudou 14 daout 2021 a. Konsekans fenomenn natirèl sa yo ki vin youn apre lòt, plis defi institisyonèl yo vin agrave sitiyoasyon danje ki kreye nan depasman sitwayen ayisyen yo ak fanmi yo. Nou ka wè sa ak ogmantasyon kantite moun ki rekòmanse ap deplase san rete pou yo ale nan lòt peyi, kit se fi, kit se gason.

Depi 2019, Komisyon an ap obsève kouman pwoblèm sekirite sitwayen an Ayiti ap kreye plis defi, ansanm ak ogmantasyon depasman manifestasyon sosyal, tansyon politik ak kriz gouvènans. An plis, Komisyon an konstate yon ogmantasyon zak vyolans tankou kidnapin, asasinay, zak vyolans ki baze sou jennda, ansanm ak lòt atak yon seri gwoup ak zam ap reyalize kont popilasyon sivil la. Aksyon sa yo ap fèt nan yon kontèks kote manke manje ak gaz; sèvis piblik ap mache mal osnon yo pa fonksyone; aktivite ekonomik tèt anba; gen koripsyon. Sitou, CIDH la gen anpil enkyetid lè l ap wè kouman sekirite sitwayen yo fin depafini nan diferan sektè nan kapital la, Pòtoprens, kote gen plizyè masak ki anrejistre nan katye popilè yo – tankou pa egzanzp, LaSalin an novanm 2018; Bel Air an novanm 2019, e nan Cité Soleil an me 2020. Kon sa tou, moun k ap defann dwa moun, ansanm ak jounalis viktim anpil atak. Nan kontèks sa a, asasinay Prezidan Repiblik la, Jovenel Moïse – nan dat 7 jiyè 2021 – ansanm ak reyòganizasyon enstitisyon demokratik peyi a, reprezante yon lòt defi grav pou pwoteksyon dwa moun nan peyi a.

An plis sitiyasyon sa a, fòk nou ajoute enpak goudougoudou a ki te anrejistre yon nivo 7.2 sou neshèl Richter a nan mwa daout 2021 an. Goudougoudou sa a te afekte sitou vil ki nan Depatman Sid la. Dapre enfòmasyon ki soti nan Direksyon Jeneral Pwoteksyon sivil (DJPS) an Ayiti, goudougoudou a lakòz 2 207 moun omwens pèdi lavi yo, 12 268 moun blese e plis pase 300 disparèt. Selon enfòmasyon ki soti nan [Biwo Nasyonzini pou Kowòdinasyon kesyon imanité \(OCHA\)](#), nan dat 3 septanm, yo te idantifye plis pase 650 mil moun ki te bezwen resevwa asistans imanité nan ijans. An plis, 53 815 kay fin kraze nèt e gen 83 mil lòt ki domaje anpil.

Sitiyasyon vyolans n ap viv nan jounen jodi a fè nou temwen diferan fenomèn depasman Ayisyen entènasyonalman. depasman entènasyonal. Se nan sans sa a Komisyon an konstate popilasyon ayisyen an lòt bò dlo – dapre [Oganizasyon Entènasyonal pou Migrasyon \(OEM\)](#), chif swa a depase 1,2 milyon sitwayen – angaje nan moman an nan yon pwosesis kote y ap rekòmanse deplase poutèt enpak goudougoudou a. Dapre enstitisyon Oganizasyon Nasyonzini yo, se sitiyasyon sa a ki lakòz ogmantasyon kantite moun k ap [travèse fwontyè yo e k ap mande azil](#) nan diferan peyi rejyon an. Li prezan tou nan pratik frennay ak blokay moun k ap chache benefisye [pwosesis pwoteksyon yo](#). Nan fen lane 2020, ACNUR (Ajans Nasyonzini pou Refijye) t ap rapòte gen 81 268 Ayisyen ki te mande azil, an plis 25 659 Ayisyen ak fanmi yo ki te refijye. An plis, CIDH la pran nòt sitiyasyon [danje](#) ak frajilite dwa moun lè ou konsidere aksyon [rezo kriminel](#) yo ki angaje nan trafik moun. Se kon sa tou CIDH la remake enpak manch long goudougoudou 7.0 ki te fèt nan 12 janvyè 2010 sou Ayisyen nan sa ki gen pou wè ak depasman moun.. Kòm konsekans, Komisyon an souliyen kouman kominote Ayisyen yo ak fanmi yo ogmante epi vin pi laj nan kèk peyi tankou Brezil ak Chili. Nan sa ki konsène depasman sitwayen ayisyen entènasyonalman, ki déjà tabli nan lòt peyi, CIDH a konstate kriz entèn k ap anvlimen peyi a gen yon enpak dirèk sou kondisyon lavi sitwayen yo, poutèt gwo defi ki vin kreye nan reyini fanmi, nan voye lajan ak nan asistans konsilè. Lè y ap retounen Ayisyen, chase yo osnon depòte yo, CIDH la fè konnen kondisyon sa yo kreye gwo defi pou Leta ayisyen an ki gen pou garanti enstriman pou entegre sitwayen sa yo nan sosyete a, e menm pou pwoteje vi yo ak entegrite yo.

Sou bò pa li, Komisyon an rekonèt kompleksite ak seryozite defi estriktirèl tou nèf ki prezante pou pwoteksyon ak bon jan pwomosyon dwa moun an Ayiti. Nan kontèks sa a, etandone wòl Leta yo genyen nan jere diferansyasyon istorik ak modèn ki gen yon enpak negatif sou popilasyon sa a, yo dwe adopte dispozisyon dirab – tankou mezi prevansyon, estriktirèl e ijan – ki chita sou obligasyon solidarite, kowoperasyon ak reskonsablite pataje.

B. SEKSYON KONSIDERASYON

LÈ L AP SONJE Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun; Pak Entènasyonal sou Dwa sivil ak politik; Pak Entènasyonal sou Dwa ekonomik, sosyal ak Kiltirèl; Konvansyon Entènasyonal sou Pwoteksyon Dwa tout Travayè Migran yo ak fanmi yo; Konvansyon Entènasyonal sou Eliminasyon tout kalite Diskriminasyon rasyal; Konvansyon sou Eliminasyon tout kalite diskriminasyon kont Fanm; Konvansyon sou Dwa Timoun; Konvansyon Entènasyonal sou Dwa Moun Andikape; Konvansyon kont Maspinay ak lòt Tretman ak Chatiman brital, Inimen osnon Avilisan; Konvansyon 1951 sou Kondisyon Refijye ak Pwotokòl 1967 la; Konvansyon 1954 sou Kondisyon Apatrid yo; Konvansyon 1961 sou Rediksyon ka Apatrid yo; Deklarasyon Cartagena 1984 sou Refijye yo; Konvansyon Nasyonzini sou kriminalite transnasyonal òganize ak Pwotokòl li yo, sa enkli tou Pwotokòl pou Anpeche, Bloke ak Sanksyone Trafik Moun, espesyalman trafik fanm ak timoun (Pwotokòl Palèm); Pwotokòl kont Trafik ilegal Migran ki fèt sou tè; sou lanmè ak nan avyon; Deklarasyon Nouyòk sou

Refijye ak Migran; Pak Mondyal sou Refijye yo; Pak Mondyal sou yon Migrasyon ki fèt san pwoblèm, nan lòd e ak regularite; e lòt enstriman entènasyonal sou kesyon sa a;

LÈ NOU REKONÈT obligasyon tout Eta nan Lamerik la genyen pou yo pwoteje dwa tout moun, kelkelanswa nan ki kondisyon yo deplase, dapre dispozisyon Manman Lwa Òganizasyon Eta Ameriken (OEA); Deklarasyon Ameriken sou Dwa Moun ak Obligasyon Moun; Konvansyon Amriken sou Dwa moun (« Pak San José, Costa Rica » osnon « Konvansyon Ameriken »); Manman Lwa Òganizasyon Nasyonziini; Pwotokòl adisyonèl Konvansyon Ameriken sou Dwa Ekonomik, Sosyal e Kiltirèl (« Pwotokòl San Salvador ») Konvansyon Entèameriken kont tout Kalite Diskriminasyon ak Entolerans; Konvansyon Entèameriken kont Rasis, Diskriminasyon rasyal ak tout lòt Fòm Entolerans; Konvansyon Entèameriken; Konvansyon Entèameriken pou anpeche, sanksyone e elimine vyolans kont fanm (« Konvansyon Belém do Para »); Konvansyon Entèameriken pou anpeche e sanksyone maspinay; Konvansyon Entèameriken sou Pwoteksyon Dwa Granmoun; Konvansyon Entèameriken sou Disparisyon fòse moun;

LÈ N AP SOULIYEN Komisyon Entèameriken an, nan Rezolisyon N. 04/2019 ki pote dat 7 desanm 2019, adopte Prensip Entèameriken sou Dwa tout Migran, Refijye, Apatrid ak Viktim Trafik Moun, ki bay Eta yo oryantasyon nan obligasyon yon genyen pou yo respekte, pwoteje, fè pwomosyon e garanti dwa imen tout moun nan sa ki gen pou wè ak depasman moun; Prensip sa yo dwe sèvi kòm gid pou ede otorite Leta yo redije lwa, règ, desizyon administratif, politik piblik, pratik, pwogram ak jirispridans;

LÈ N AP SOULIYEN TOU dapre Konvansyon Ameriken an, Eta yo gen obligasyon pou yo elabore politik, lwa ak pratik entegral ki konsantre sou moun e ki baze sou dwa moun. Obligasyon sa a dwe kouvri tou reyaksyon ki anrejistre an rapò ak depasman migrasyon konbine, ki fèt youn apre lòt e ki laj, e ki gen pou wè ak prensip jwisans pwogresif dwa moun e yo pa ka aboli yo kèlkelanswa sikonstans yo;

LÈ NOU REYAFIME, an akò ak jirispridans Tribinal Entèameriken Dwa Moun, prensip egalite ak non-diskriminasyon, ansanm ak prensip non-retounen an, se domenn *jus cogens* e yo reprezante yon règ dwa entènasyonal la rekonèt;

LÈ NOU PRAN NÒT depasman migratwa konbine e repete yo egzije sistèm pwoteksyon ki konsidere pèspektiv gason ak fi, tretman diferan ak yon apwòch transvèsal, sa ki va pèmèt diminye enpak dezekilibre ak repèkasyon estriktirèl; kidonk, li nesèsè pou pwoteje moun ki an depasman – tankou fanm yo, adolesan yo ak timoun yo – k ap viv nan gwo danje vyolans e ki ka viktim trafik ak esplwatasyon sèks ak travay;

LÈ N AP SOULIYEN Eta yo gen obligasyon bay pwoteksyon ak asistans imanità e yo gen pou jwenn solisyon dirab san diskriminasyon, nan kad yon apwòch ki konsidere kesyon fi ak gason sou baz diferans yo ak konsèp entèseksyonalite, pandan yo respekte enterè timoun yo ansanm ak frajilite espesyal moun sa yo. Se konsa Eta yo va bay sitwayen sa yo garanti pou yo jwenn entegrite pèsònèl, lasante, kote pou yo viv, manje ak disponiblite edikasyon;

LÈ N AP RAPLE karaktè miltidimansyonèl ak ttransnasyonal dep lasman moun ak enpòtans pou Eta yo pataje reskonsablite pami yo, ansanm ak nesosite pou yo elabore yon seri enstriman kowoperasyon ak solidarite entènasyonal pou pwoteje dwa imen migran yo, kèlkelanswa kondisyon migrasyon yo;

LÈ NOU NOTE kouman fenomèn dep lasman sitwayen ayisyen ak fanmi yo intènasyonalman gen yon koneksyon konplèks e miltidimansyonèl ak obligasyon Eta yo genyen pou yo anpeche vyolasyon dwa sa yo e pou bay popilasyon yo yon pwoteksyon entegral;

LÈ NOU SOULIYEN jan Eta manm yo, dapre Manman Lwa OEA, gen obligasyon pou, nan yon tèt ansanm, yo fè yon brase lide pou yo chache rezoud pwoblèm ijan ou grav ki ta kapab prezante lè devlopman osnon establite ekonomik nenpòt Eta manm lè yon sitiya syon grav gen enpak sou li e li pa kapab rezoud li pou kont li;

LÈ NOU OBSÈVE kouman, nan kontèks kalamite natirèl yo, dapre Dokiman- Lwa sosyal Lamerik la, Eta yo pran angajman pou yo bay kowoperasyon rejyonal la jarèt e pou yo ranfòse kapasite nasyonal, teknik ak enstitisyonal yo genyen nan kad prevansyon, preparasyon, repons, evalyasyon, diminisyon danje ak enpak e evalyasyon fenomèn sa yo.

LÈ NOU REKONÈT kouman konsèp solidarite entènasyonal la parèt yon eleman kle pou yon apwòch inivèsèl e premye referans dwa moun nan kontèks ki mande yon entèvansyon kowòdone lè gen sitiya syon kriz estriktirèl ki gen enpak sou dwa moun popilasyon an.

LÈ NOU OBSÈVE, nan kontèks kriz imanité sa a, nesosite pou kad pwoteksyon entegral ki pou kouvri dep lasman moun depase espas andedan peyi a e dwe gen enstriman pwoteksyon pou moun ki konpoze sa yo rele dyaspora ayisyen an.

LÈ NOU SOULIYEN kouman li enpòtan pou yo ranfòse enstriman ki pou pèmèt piblik la jwenn enfòmasyon nan kontèks kriz imanité a, etandone enstriman sa yo se yon kondisyon nesèsè pou jwi lòt dwa imen, nan ipotèz respè ak garanti prensip transparans ak rann kont nan yon Eta konsolide konfyans sitwayen yo genyen nan enstitisyon demokratik ak patisipasyon yo nan Leta.

LÈ NOU KONSIDERE, tankou sa ki di nan Rapò li « Garanti pwosedi pou detèmine kondisyon refijye ak apatrid e founiti pwoteksyon konplemantè », nan sa ki gen pou wè ak pwosedi ki itilize pou rekonèt estati pwoteksyon yo, pi gwo defi rejyon an chita sou antrav postilè yo jwenn lè y ap chache itilize zouti pou defans yo, asistans yo ak reprezantasyon legal.

LÈ NOU KONSTATE jesyon gwoup ak popilasyon an nan yon kote osnon nan espas lojman pwovizwa pou yon tan san limit, se bagay ki gen danje ladan e ki rann sitiya syon an pi frajil toutan, sa ki kapab gen enpak negatif sou disponiblite ak jwisans dwa moun, san bliye tou dwa ekonomik, sosyal, kiltirèl ak anviwonmantal yo. Sitiya syon sa yo kapab anpeche jwenn solisyon epi bloke koneksyon fanmi yo ak kominote, e bloke disponiblite sèvis prensipal yo.

C. SEKSYON DESIZYON

Etandone konsiderasyon ki fèt pi wo a, nan kad egzèsis fonksyon atik 106 Manman Lwa OEA a ba li e nan kad aplikasyon atik 41.b Konvansyon Ameriken ak atik 18.b Estati li, Komisyon Entèameriken Dwa Moun ap fòmile rekòmandasyon sila yo pou gouvènman Eta manm yo :

I. Prensip jeneral ki dwe aplikab pou deplasman moun

a. *Prensip egalite e non-diskriminasyon e diferan apwòch diferan ki konsène pwoteksyon*

1. Nan tout dispozisyon yo adopte pou repons, prevansyon ak pwoteksyon, Eta yo dwe aji dapre obligasyon yo genyen pou garanti pwoteksyon total dwa moun, sou baz prensip egalite ak non-diskriminasyon. Nan sans sa a, Eta yo dwe adopte tout dispozisyon ki nesèsè pou garanti sitwayen ayisyen sa yo ak fanmi yo p ap sibi okenn diskriminasyon nan jwisans dwa ak libète yo poutèt yo kapab nan kontèks deplasman moun.
2. Nan sa ki konsène moun ki retounen yo, Leta asyisyen dwe rete veyatif pou li asire popilasyon ka jwi, nan menm kondisyon ak tout moun, menm dwa ak libète dwa entènasyonal la ba li e menm jan lwa entèn yo rekonèt pou lòt sitwayen peyi a.
3. Eta yo dwe pran yon seri mezi pozitif pou garanti, nan menm kondisyon ak lòt moun, popilasyon an ap jwenn aksè, disponiblite ak bon jan sèvis esansyèl ki gen kalite, sa ki va garanti enklizyon sosyal ak yon pwoteksyon total dwa imen sitwayen ayisyen yo ak fanmi yo nan kontèks deplasman yo. Apwòch sa yo dwe egzamine tou blokay ak baryè potansyèl ki ka prezante poutèt kondisyon moun ki an deplasman.
4. Eta yo gen obligasyon garanti moun k ap deplase yo ap jwenn lajistis pou pwoteje tout dwa yo, ansanm ak reparasyon total e gratis poutèt domaj yo ta ka sibi. Sa dwe fèt gratis e nan menm kondisyon ak tout lòt sitwayen Eta sa a. Nan sans sa a, CIDH ap souliyen enpòtans aksyon rezo biwo defansè pèp la ak enstitisyon nasyonal yo ap mennen, ansanm ak kowòdinasyon òganizasyon sivil yo k ap travay pou migran yo e ak tout sitwayen ayisyen ak fanmi yo ki bezwen pwoteksyon entènasyonal.
5. Pou jere tout defi kesyon pwoteksyon moun ki ap deplase yo kreye nan diferan kontèks, nan kad tout aksyon y ap mennen osnon tout plan y ap egzekite, Eta yo dwe itilize apwòch ki diferan youn ak lòt, ki konsidere konsèp entèseksyonalite a, ki gen yon karaktè entèkiltirèl . Sa va pèmèt yo jere plizyè ka diskriminasyon ki ranfòse antrav yo ak danje pou disponiblite ak jwisans dwa yo. Apwòch yo dwe konsidere yon seri faktè tankou kesyon gason ak fi, laj, andikap fizik, orijin etnik ak rasyal, kondisyon sosyoekonomik, nasyonalite, elatriye.
6. Nan sa ki gen pou wè ak pwogram asistans ak pwoteksyon, Eta yo dwe enkòpore apwòch ki konsidere lòt faktè diskriminasyon tankou sitiyoasyon ki gen enpak sou fanm yo e sou lòt moun ki nan gwoup k ap viv nan kondisyon espesyal ki gen danje.

7. Nan kad repons yon Eta bay pou jere kantite zak vyolans ak konfli ki se lakòz ogmantasyon depلاسman sa yo, Eta yo ap gen pou enkòpore pèspektiv gason ak fi e diferan apwòch sou baz konsèp entèseksyonalite entegral ki konsidere enterè siperyè timoun yo, frajilite espesyal timoun, adolesan ak fanm nan kontèks depلاسman yo. Espesyalman, apwòch sa yo dwe baze sou yon apwòch transvèsal ki konsidere kontèks ak kondisyon ki vin agrave konsekans depلاسman moun sa a sou timoun, adolesan ak fanm, tankou pa egzanp laj, kondisyon moun migran osnon ki fòse deplase, frajilite ekonomik osnon pozisyon jewografik.
8. Mete sou pye san pèdi tan yon sèvis repons pou jere vyolans kont fanm ak timoun, espesyalman vyolans ant manm yon menm fanmi, ak vyolans pou sèks nan kontèks depلاسman moun, ansanm ak danje ki sible espesyalman fanm ak timoun ki kapab vin viktim esplwatasyon ak trafik moun. An plis, se pou yo anvizaje disponiblite ak pèmanans sèvis sante seksyèl ak sèvis obstetrik, sante matènèl, sipò pou planifikasyon familial, ansanm ak pwoteksyon e tretman pou ka vyolans seksyèl, san bliye disponiblite lajistis. Lè y ap fè entèkansyon sa yo, Eta yo yo dwe konsidere pèspektiv gason ak fi, enterè siperyè timoun yo e yo pa dwe konsidere migran ki viktim zak sa yo kòm kriminel.
9. Nan sa ki gen pou wè ak prevansyon, ankèt, pwoteksyon viktim trafik moun, Eta yo dwe konsidere karakteristik peyi nasyonalite ak orijin sitwayen ayisyen yo ak fanmi yo tankou eleman ki mande nivo atansyon espesyal poutèt danje esplwatasyon ak trafik. Nan sans sa a, yo dwe enkòpore yon pèspektiv dwa moun nan tout entèkansyon yo fè pou prevwa pwoteksyon pou tout moun k ap sibi enpak kriz enstitisyonèl, sosyal ak anviwonmantal nan peyi a, san bliye kontèks ijans lasante ak enpak li sou rejyon an.
10. Etandone prensip interè siperyè timoun ki pou prime, Et yo gen obligasyon pou yo konsevwa zouti ki pou an peche separasyon e ankouraje rekneksyon fanmi yo prese prese; yo dwe konsidere tou danje pou ti fi, ti gason ak adolesan ki vin derasinen nan yon kontèks Ayisyen ak fanmi k ap deplase.

b. Solidarite ak kowoperasyon entènasyonal

11. Tout inisyativ solidarite entènasyonal ki fèt pou bay sitwayen ayisyen ak fanmi yo yon asistans imanité ak pwoteksyon dwa yo nan kontèks depلاسman imen an dwe reyalize ak rigè nan respè obligasyon ak règ entènasyonal *corpus juris* (repètwa lwa yo) entèameriken an, ak nan enterè piblik entèameriken an.
12. Pandan y ap aji an kowòdinasyon, dapre kapasite enstitisyonèl yo, e nan kad yon dyalòg sere ak Ayiti, Eta yo dwe, an priyorite, antame yon seri aksyon dirab pou sitwayen ayisyen yo ak fanmi yo jwenn pwoteksyon total kapital dwa imen yo nan kontèks depلاسman yo. An plis sipò finansye a, entèkansyon sa yo dwe prevwa tou asistans teknik, donasyon ak lòt fòm kowoperasyon.
13. Eta yo dwe chache konsevwa estrateji, zouti ak espas konsètasyon ak echanj enfòmasyon k ap pèmèt amonize egzekisyon yon seri mezi ijan ansanm ak lòt aksyon ki va sipòte kesyon tankou : i) ranfòsman kapasite resous imen ak enstitisyonèl nan peyi a; ii) relasyon ant

kominote ayisyen an k ap viv lòt bò dlo; iii) fasilite pou resevwa lajan dyaspora ap voye Ayiti; iv) ranfòse pwopozisyon pou kreye filyè ak kontak pou mobilite pwofesyonèl, akademik ak syantifik. Konsiderasyon sa yo t ap pèmèt yon konsolidasyon demann ijans yo ak nesosite pou yo mete sou pye yon estrikti dirab ki pou garanti faktè ki kreye danje ak frajilite pou popilasyon an depasman p ap reparèt.

14. Nan kontèks ijans ak kriz Ayiti ap fè fas, Eta yo ta dwe aplike aksyon kowòdone pou diminye risk yo ak ranfòse pwosesis pou resevwa moun ki nan mobilite. Aksyon sa yo ta dwe gide pa prensip egalite ak non-diskriminasyon, tretman diferansye, aksè nan mekanis pwoteksyon, ak garanti a nan non-refoulement. Nan aksyon koperasyon ak solidarite yo, ak nan limit kapasite yo ak disponiblite resous yo, eta yo ta dwe bay mwayen ak resous materyèl, teknolojik ak imen, ansanm ak asistans teknik ki nesese pou ranfòse prevansyon, alèjman, ak rekipasyon. kapasite yo.
15. Nan sa ki gen pou wè ak asistans imanité kòm zouti pou diminye faktè k ap fòse depasman moun, Leta ayisyen gen obligasyon pou li jere ak retabli estrikti ak kanal lojistik yo ki pèmèt rejyon yo ak kominite yo jwenn disponiblite sipò sa a. Entèvansyon sa yo dwe garanti an pèmanans popilasyon yo jwenn disponiblite byen ak sèvis sa yo san diskriminasyon.

c. *Transparans ak dirabilite*

16. Eta yo dwe konsidere enstriman ki pou asire patisipasyon òganizasyon, entrepriz ak lòt ajan ki pa nan leta nan inisyativ ki pote benefis pou popilasyon ayisyen an, fèt nan kad nòmatif ki egziste yo, san diskriminasyon, ak transparans e reskonsablite. Pami inisyativ sa yo, nou ka site sila yo : enklizyon sosyal ak nan travay, sikilasyon travay; egzekisyon pwojè devlopman; disponiblite benefis ak sèvis sosyal, sante ak edikasyon; asistans imanité, disponiblite vaksen nan kontèks pandemi COVID-19 la.
17. Gen enstriman ki pou prepare, reyalize e evalye tout entèvansyon pou prevansyon, pwoteksyon, diminyasyon ak konpansasyon. Enstriman sa yo ap gen pou garanti transparans ak patisipasyon sosyal moun, gwoup ak kominote ki sibi yon enpak dirèk. Espesyalman, Eta yo dwe asire patisipasyon moun k ap deplase – sitou fanm, adolesan ak timoun – òganize yo an komite, gwoup travay pou reyaji sou kriz la nan kontèks konfli, vyolans ak depasman, pandan yo rete veyatif pou enkòpore pèspektiv fi ak gason ak diferan apwòch nan kad konsepsyon, egzekisyon, reyalizasyon ak suivi mezi yo ak politik yo.
18. Nan entèvansyon pou kolekte resèt, alokasyon ak distribisyon resous – san bliye resous ki soti nan asistans imanité entènasyonal - Eta yo dwe rete veyatif pou asistans sa a distribye san diskriminasyon; Etan dwe veye tou pou resous yo itilize pou ranfòse pwojè ak inisyativ k ap gen enpak pou lontan e dirab sou dwa moun. Obligasyon sa yo kouvri sa ki gen pou wè ak resous e entèvansyon òganizasyon entènasyonal, enstitisyon prive ak lòt aktè enterese ki pa konekte ak gouvènman.

19. Pou asire bon jan patisipasyon kominote yo, gwoup e sitwayen ayisyen ak fanmi yo nan tout pwosesis e inisyativ ki gen enpak sou dwa yo, Eta yo dwe konsidere yon seri aspè tankou : aksè, disponiblite enfòmasyon, entèpretasyon an franse e kreyòl, laj ak andikap fizik .
20. Travayè imanité yo dwe ap dewoule nan kondisyon sekirite ak pwoteksyon, etandone yo ranpli wòl defansè dwa moun e y ap fè jefò espesyal pou garanti moun k ap viv nan yon sityasyon espesyal vilnerablite kapab jwi dwa yo.

II. Sitwayen ayisyen ak fanmi yo nan kontèks depasman

a. *Enstriman pwoteksyon, admisyon, transit ak depa teritwa*

21. Eta yo dwe garanti y ap pèmèt admisyon sou teritwa yo, y ap tabli pwosedi ekitab e efikas k ap garanti yon evalyasyon endividyèl diferan bezwen pwoteksyon pou chak demandè azil, refijye, apatrid, moun ki bezwen plis pwoteksyon, victim trafik moun, timoun ki pou kont yo osno ki separe ak fanmi yo, pou site sa yo sèlman. Dispozisyon pou sante piblik ki adopte pou reponn pandemi COVID 19 pa dwe sèvi pou rejte yon okazyon pou mande azil, osnon yon lòt fòm pwoteksyon, osnon ankò pou retounen yon moun dirèkteman oubyen endirèkteman. Kon sa tou, pwosedi ki sèvi pou chase osnon depòte moun dwe evalye tou sou yon baz endividyèl, etandone sikonstans chak moun diferan.
22. Se nan kad objekif sa a Eta yo dwe konsidere aplike yon seri mezi tankou fasilite livrezon visas yo; kondisyon migrasyon ak dokimantasyon ki nesèsè e ki dwe prezante pou yo trete dosye a. Kon sa tou, Eta yo dwe egzamine dispozisyon ki reglemante prensip non-retounen sou fwontyè a, entèdiksyon pou chase moun an gwoup, pa sanksyone moun ki antre sou teritwa osnon ap viv ladan ilegalman, e pa kenbe migran nan detansyon.
23. Eta yo pa dwe entwodui pwosedi pou resevwa demann admisyon pou pwoteksyon – san bliye rekonesans kondisyon refijye a - ki pa kouvri nan lwa entèn yo e ki an reyalite ta kapab anpeche osnon kreye difikilte initil pou sitwayen yo jwenn admisyon nan peyi a osnon benefisyè mezi pwoteksyon.
24. Lè y ap egzamine demann pwoteksyon sitwayen ayisyen yo prezante, Eta yo gen obligasyon pou yo konsidere:
 - a. Aksepte bay yo estati refijye jan Konvansyon sou Estati Refijye (1951) e/osnon Pwotokòl li a (1967);
 - b. Aplike definisyon refijye ki nan Deklarasyon Cartagena sou Refijye (1984), dapre direktiv ki soti nan Opinyon konsiltatif OC-21/14 et OC-25/18 Tribinal Entèameriken pou Dwa Moun, lwa entèn , osnon pratik Leta, kòm sadwa. Nan kad objektif sa a, Eta yo gen pou konsidere kondisyon imanité yo nan peyi a nan moman sa a, ansanm ak enpak grav kondisyon sa yo sou piblik;

- c. Aksepte bay pwoteksyon konplemantè, dapre lwa entèn yo osnon aplike dirèkteman trete entènasyonal sou dwa moun ki aplikab nan ka sa a;
 - d. Adopte e egzekite pwogram espesyal pou regilarize sitiyaasyon an, osnon pran dispozisyon pou moun yo jwenn estate migran jan lwa entèn yo prevwa , pou rezon imanité, reyinyon fanmi osno lòt kritè.
25. Pwosedi pwoteksyon yo pa dwe lakòz diskriminasyon ki chita sou nasyonalite, koulè po, ras, jennda, lang, relijyon, opinion politik, orijin sosyal osnon lòt kondisyon. An plis, mekanis sa yo dwe respekte yon minimòm garanti ki soti dirèkteman nan prensip non-retounen tankou yon règ enperatif dwa entènasyonal. (*jus cogens*)
26. Peyi transit ak destinasyon yo dwe konsidere posiblité pou yo mete sou pye enstriman kowoperasyon ki apresye difikilte ak antrav pou jwenn dokiman, sètifika ak deklarasyon nan peyi orijin lan. Kidonk, fòk enstriman sa yo jere sitiyaasyon moun ki pa te kapab jwenn dokimantasyon sivil anvan yo deplase. Tout konsiderasyon sa yo dwe fèt pou evite e jere danje kondisyon apatrid la, espesyalman nan kontèks kote gen ka nesans ak deplasman moun ki fèk fèt , e an jeneral, pou garanti disponiblite e jwisans total kapital dwa imen yo.
27. Nan sa ki gen pou wè ak prevansyon danje apatrid la, Eta yo dwe anrejistre san pèdi tan tout moun ki fèk fèt sou teritwa yo epi bay yo dokiman ki verifye idantite pitit la, kèlkelanswa kondisyon migran papa osnon manman ayisyen an nan peyi sa a. Lè pitit la fèt sou teritwa li e li pa gen peyi, Eta yo dwe konsidere otomatikman, li gen dwa gen nasyonalite kote li fèt la.
28. Pou regilarize kondisyon migran sitwayen ayisyen yo k ap viv nan sitiyaasyon ki pa regilye, peyi yo dwe konsidere adopte yon seri mezi espesyal pou pèmèt sitwayen sa yo jwenn dokiman pi fasil ki pou sèvi kòm prèv idantite yo ak nasyonalite ayisyen yo.
29. Nan sa ki gen pou wè ak nesosite pou konfimasyon nasyonalite ayisyen an lòt bò dlo, lè sitwayen ayisyen yo jwen baryè legal osnon pratik pou jwenn dokiman yo nan men otorite peyi orijin yo, peyi kote yo ye a e kote yo vle rete a, dwe konsidere bay yo yon ekstansyon osnon bay yo fasilite pou yo ka jwenn dokiman yo, tankou legalizasyon osnon sètifikasyon, pou ankouraje regilarizasyon kondisyon legal yo nan peyi a.
30. Lè desizyon an pran pou depòte osnon chase yon sitwayen, yon fwa yo fin detèmine li pa bezwen pwoteksyon entènasyonal e li pa gen lòt bezwen pwoteksyon, Eta yo dwe kowòdone aksyon yo ak otorite Repiblik Ayiti yo pou asire retou a fèt nan bon kondisyon sekirite ak diyite, yo prezève inite fanmi a, yo reyalize yon retou ki fèt ak asistans sou baz bon enfòmasyon e ak dizon sitwayen an alavans.
31. Eta yo dwe konsidere mete sou pye enstriman kowòdinasyon ak Ayiti pou òganize retou yo nan kondisyon dirab e nan respè dwa moun.

32. Atravè otorite konpetan li yo, Ayiti gen obligasyon pou li founi mwayen ki pou pèmèt sitwayen ki deplase yo tounen lakay yo osnon kote yo reside a volontèman, an sekirite e ak diyite, e pou pèmèt yo retabli kontak ak fanmi yo. Nan ka sa a, Leta dwe kreye menm kondisyon pou enstalasyon volontè popilasyon an nan lòt rejyon peyi a.

b. Sekirite moun sou fwontyè yo

33. Eta yo dwe fè entèvansyon pou anpeche danje ki kapab gen enpak sou dwa moun ki an depasman e ki nan zòn fwontyè a ki pa gen sekirite. Nan sans sa a, CIDH ap souliyen sekirite nan estasyon kontwòl migrasyon sou fwontyè yo fèt pou toujou oryante sou pwoteksyon moun ak dwa yo.

34. Espesyalman Eta yo dwe adopte dispozisyon espesifik pou anpeche faktè danje ki prezan nan tout etap wout migran yo, tankou pa egzanp gwoup kriminel yo ak danje vyolans espesifik kont fanm, timoun ak adolesan, granmoun, popilasyon LGBTI, ak lòt gwoup k ap viv nan sitiyoasyon frajil.

35. Nan kad operasyon ak entèvansyon nan domenn migrasyon, Eta yo va itilize lafòs sèlman lè tout lòt mwayen kontwòl yo fin aplike e pa bay okenn rezilta. Yo va aji kon sa nan sikonstans espesyal e toujou ak moderasyon, nan kad dispozisyon legal yo e dapre yon objektif ki jistifye. Si okenn nan kondisyon sa yo pa prezan, se lè sa a itilizasyon lafò nan sitiyoasyon sa yo vin reprezante abi.

36. Si apre verifikasyon ankèt, vin gen prèv itilizasyon lafòs la te reprezante yon abi,, Eta yo dwe mennen yon ankèt san pèdi tan, sanksyone moun ki reskonsab yo epi bay victim yo reparasyon, nan kad yon apwòch ki konsidere diferans yo ak konsèp entèseksyonalite, an akò ak estanda entèameriken aplikab nan ka sa yo.

c. Batay kont senofobi, diskriminasyon ak dwa pou jwenn enfòmasyon

37. Eta yo dwe ranfòse jefò y ap fè pou kwape senofobi, diskriminasyon ak lòt fòm entolerans ki chita sou orijin etnik rasyal, jennda, oryantasyon seksyèl, andikap, lang, kondisyon sosyoekonomik, ansanm ak sitiyoasyon depasman imen.

38. Angajman ki site pi wo a vle di obligasyon rezèv epi obligasyon evite tout aksyon ki ap ankouraje, dirèkteman osnon endirèkteman diskriminasyon, oubyen ki fasilite zak vyolans) kont moun ki an depasman, tankou pa egzanp, diskou ki ankouraje rayisman, distribisyon foto osnon kòmantè ki kreye estereyotip ki konekte ak orijin nasyonal ayisyen an e orijin etnik rasyal afrodesandan.

39. Eta yo dwe enkòpore yon seri varyab detaye sou orijin etnik e rasyal, ansanm ak estati migratwa nan sistèm estatistik nasyonal yo pou politik piblik yo kapab kouvri popilasyon migran afrodesandan an.

40. Eta yo dwe lanse inisyativ pozitif tankou kanpay edikasyon ak konsyantizasyon pou ankouraje sosyete miltikiltirèl. Objektif la, se anpeche e elimine senofobi e batay kont model diskriminasyon ki chita sou jennda ak orijin etnik e rasyal.
41. Nan estrateji kominikasyon yo, Eta yo dwe mete priyorite yo sou enfòmasyon ak difizyon, prevansyon ak batay kont senofobi, diskriminasyon rasyal ak lòt faktè ki favorize vyolans.
42. Eta yo dwe pwodui enfòmasyon ki klè, nan bon moman, sistematik e disponib pou migran ayisyen yo sou pwosedi migratwa e sou pwoteksyon ki egziste, san bliye apwòch ki konsidere aspè entèseksyonèl ak entèkiltirèl yo.

Rezolisyon sila antre nan kad travay pèmanan CIDH la ap reyalize pou suivi sitiyasyon dwa moun nan peyi a, espesyalman atravè Inite Kowòdinasyon e Repons rapid e entegre (SACROI) pou Ayiti nan peyi a, ki te kreye an fevriye 2019.

An final, CIDH la ap fè konnen e l ap deklare li pare pou li pote sipò teknik li bay Leta Ayisyen ak lòt Eta yo, ansanm ak lòt enstitisyon rejyonal, òganizasyon sosyal e lòt enstitisyon, pou yo kapab ranfòse enstitisyon yo e politik sou depلاسman imen. Aksyon sa yo ap reyalize nan kad yon apwòch pwoteksyon entegral dwa moun e sou baz estanda entènasyonal ki aplikab.